



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Bagaskara lan Purnacandra



**Bagaskara dan
Bulan Purnama**

**Penulis
Widyastuti**

**Ilustrator
Eros Rosita**

C



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Bagaskara lan Purnacandra

Bagaskara dan Bulan Purnama

Penulis : Widyastuti

Ilustrator : Eros Rosita

Penerjemah: Widyastuti

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Bagaskara lan Purnacandra

Bagaskara dan Bulan Purnama

Penulis : Widyastuti

Ilustrator : Eros Rosita

Penerjemah : Widyastuti

Penyunting : Nindwihapsari

Penata Letak: Eros Rosita

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-615-3 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Playfulist, Calibri
ii, 32 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.


Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Bagas ngindhik latar saka cendhela. Kahanan jaba katon peteng ndhedhet, sepi ora ana wong mlaku. Bagas banjur metu saka omah. Dheweke nyawang langit, mung katon lintang kelap-kelip ing kadohan.

Bagas ngadeg suwe ing latar. Dheweke ngenteni sawijining, nanging sing dienteni ora teka-teka. Kahanan wengi tansaya sepi nyenyet lan anyes. Bagas banjur mlebu omah, nggoleki simbahe.

Bagas mengintip halaman rumah melalui jendela. Suasana di luar kelihatan gelap gulita, sepi tidak ada orang lewat. Bagas kemudian ke luar rumah. Dia memandang langit, yang kelihatan hanya kerlip bintang di kejauhan.

Bagas lama berdiri di halaman. Dia menunggu sesuatu, tetapi yang ditunggu tidak kunjung datang. Suasana malam semakin sepi dan dingin. Kemudian Bagas masuk ke dalam rumah, mencari neneknya.

Bagas mbukak alon-alon kamare simbah. Mbah Salimah repet-repet karo merem midhangetake wayang. Simbah melek krungu nalika swara lawang dibukak.

“Mbah, kok mboten wonten. Kula entosi ngantos dangu piyambakipun mboten njedhul?”

“Sing ora njedhul kuwi sapa?”

“Rembulan, Mbah, Bulan!” kandhane Bagas karo mrengut.

“Ngapa kowe ngenteni bulan?” pitakone Mbah Salimah.

“Ngendikane Simbah saben tanggal 15 rembulan katon bunder padhang njingglang. Lha, sakniki tanggal 15 rembulan mboten ketingal. Simbah ngapusi!”

Mbah Salimah mesem krungu sumaure Bagas. Mbah Salimah banjur ngandhani Bagas manawa rembulan bakal katon bunder saben tanggal 15 Jawa dudu penanggalan nasional.

Bagas pelan-pelan membuka pintu kamar neneknya. Nenek Salimah sedang mendengarkan cerita wayang dengan mata terpejam. Langsung membuka mata ketika mendengar ada suara pintu dibuka.

“Nek, kok tidak ada. Saya sudah menunggu lama, tetapi tidak muncul?”

“Yang tidak muncul siapa?”

“Bulan, Nek, bulan!” kata Bagas sambil merajuk.

“Kenapa kamu menunggu bulan?” tanya Nenek Salimah.

“Kata Nenek setiap tanggal 15 ada bulan purnama dan terang benderang. Kan, sekarang tanggal 15, tetapi bulan tidak kelihatan. Nenek bohong!”

Nenek Salimah tersenyum saat mendengar perkataan Bagas. Nenek Salimah kemudian menjelaskan bahwa bulan purnama akan terjadi pada tanggal 15 dalam penanggalan Jawa bukan nasional.

Bagas kang ora mudheng bab penanggalan Jawa lan nasional banjur takon karo simbahe maneh.

“Mbah, penanggalan Jawa lan nasional punika kados pundi?”

“Tanggalan Jawa kuwi dhasare petungan rembulan. Dene tanggalan nasional kuwi nganggo petungan srengenge.”

“Lah, mumet. Tanggalan wae kok nganggo petungan bulan lan srengenge.”

“Bab kuwi takona karo gurumu, Le! Gurumu bisa luwih gamblang anggone ngandharake.” dhawuhe Mbah Salimah.

Bagas yang tidak paham tentang kalender Jawa dan nasional bertanya kembali kepada neneknya.

“Nek, kok ada kalender Jawa dan nasional itu apa maksudnya?”

“Kalender Jawa itu menggunakan perhitungan bulan. Kalender nasional menggunakan perhitungan matahari.”

“Ah, bikin pusing! Kalender saja menggunakan hitungan bulan dan matahari.

“Coba, kamu tanya sama gurumu. Gurumu akan lebih terperinci dalam menjelaskan.” suruh Nenek Salimah.



Bagas sajak ora sranta kepingin mangerteni bab tanggalan adhedhasar rembulan lan srengenge. Bagas meksa Mbah Salimah supaya nerangake.

“Simbah wis rada lali, sing isih kelingan piwulangan paragapit.”

“Hah, napa niku Mbah?” pitakone Bagas bingung krungu tembung anyar.

“Paragapit kuwi saka tembung para lan gapit. Para tegese diperang-perang utawa diprinci, gapit iku wilah. Nalika ngetung migunakake gapit antara sing dibagi lan sing mbagi, Le.”

“Oh, ngoten ta, Mbah.” Bagas manthuk-manthuk.

“Wis kana enggal turu, supaya sesuk kowe ora kawanen mangkat sekolah.

Bagas banjur menyang kamare dhewe. Rembulan saiki ora bakal jumedhul bunder madhangi jagad saisine. Nanging nalika lagi wae arep merem, dheweke kelingan sanalika dheweke ana janji karo kancane.

Bagas gregah tangi ngranggeh HP. Jebul wis akeh pesen kang mlebu ana HP. Kancane padha takon, sida ora acarane. Bagas banjur ngetik nang pesen menawa ora sida amarga rembulan wengi iki ora ana.

Bagas sudah tidak sabar ingin mengetahui tentang kalender yang menggunakan perhitungan bulan dan matahari. Bagas memaksa Nenek Salimah untuk menjelaskan.

“Nenek sudah lupa, yang masih Nenek ingat hanya pelajaran porogapit.”

“Hah, apa itu Nek?” tanya Bagas saat bingung mendengar istilah baru.

“Porogapit itu dari kata *poro* dan *gapit*. *Poro* artinya dibagi, *gapit* seperti bilah. Ketika menghitung pembagian bersusun menggunakan garis pengapit antara yang dibagi dan pembaginya, Le?”

“Oh, seperti itu, Nek.” Bagas mengangguk-angguk.

“Sudah sana cepat tidur, supaya besok kamu tidak kesiangan ke sekolah!”

Bagas segera ke kamarnya. Malam ini, bulan purnama tidak muncul untuk menerangi alam semesta. Ketika akan menutup mata, dia teringat jika ada janji dengan teman-temannya.

Bagas bangkit mengambil HP. Ternyata sudah banyak pesan yang masuk. Temannya menanyakan apakah acaranya jadi. Kemudian Bagas mengetik di pesan ‘tidak jadi, karena bulan tidak akan muncul malam ini’.

Esuke Bagas tekan sekolah langsung dirubung Harda lan Bayu. Wong loro iku nesu amarga mau bengi wis teka ing cakruk kidul desa. Harda lan Bayu anggone ngenteni nganti kadhemen. Sing marakake mangkel kanca-kancane, yaiku balesan pesen “ora sida”.

“Piye ta, janji dhewe malah dheweke sing ora teka!” kandhane Harda karo Bagas.

“Hooh! Ngomong aja lali, aja telat malah ora teka!” Bayu melu nesu.

Bagas kang duwe ada-ada dolanan ing cakruk manawa purnacandra. Gandheng mau bengi peteng ndhedhet, Bagas ora sida teka. Bagas njaluk ngapura karo kanca-kancane amarga wis mblenjani janji.

Bagas ngajak kumpul maneh tanggal 15 sasi ngarep. Amarga purnacandra bakal njedhul ing tanggal 15 Jawa. Sesuk menawa wis wayahe, Bagas bakal aweh kabar.

Keesokan hari Bagas sampai di sekolah dikerumuni Harda dan Bayu. Mereka berdua marah karena sudah datang di pos selatan desa. Harda dan Bayu menunggu sampai kedinginan. Yang membuat mereka jengkel balesan pesan: tidak jadi.

“Bagaimana sih, kamu sendiri yang berjanji, tetapi kamu yang mengingkari!” hardik Harda kepada Bagas

“Iya! Bilang jangan lupa, jangan terlambat, malah tidak datang!” Bayu ikut marah.

Bagas yang mempunyai usul untuk bermain di pos jika bulan purnama. Karena semalam gelap, Bagas tidak jadi datang. Bagas meminta maaf karena sudah mengingkari janji.

Bagas mengajak kumpul kembali tanggal 15 bulan depan. Karena bulan purnama akan muncul pada tanggal 15 Jawa. Apabila sudah tiba waktunya, Bagas akan memberi kabar.

Bagas mlaku menyang kelas. Harda lan Bayu sing isih bingung enggal nututi Bagas mlebu kelas.

“Kok, kowe ngerti, Gas, menawa njedhule sasi ngarep?” pitakone Harda karo njejeri mlaku.

“Ngendikane simbahku ngono.”

Wong loro banjur kompak sumaur bareng, “Heleh.”

“Kok, ora dha percaya?” Takone Bagas karo nyawang kancane.

Wong loro tetep ora percaya marang omongane Bagas. Dheweke banjur padha njaluk bukti manawa rembulan katon bunder ana ing tanggal 15 Jawa. Wong telu banjur mikir, sapa sing arep ditakoni. Bayu banjur ngajak takon guru IPA.

Miturut Bayu bab jumedhule rembulan gegayutan karo *Tata Surya*. Nalika piwulangan IPA sing ngepasi jam kapisanan, kabeh padha takon kapan purnacandra.

Bagas berjalan ke kelas. Harda dan Bayu yang masih bingung cepat-cepat menyusul Bagas masuk kelas.

“Kok, kamu tahu, Gas kalau munculnya bulan depan?” tanya Harda sambil mengiringi.


“Kata nenekku begitu.”

Berdua kompak menjawab, “Halah.”

“Kok, kalian tidak percaya?” Tanya Bagas sambil memandang temannya.

Mereka berdua tetap tidak percaya dengan perkataan Bagas. Mereka meminta bukti jika bulan purnama kelihatan pada tanggal 15 Jawa. Mereka bertiga kemudian berpikir, siapa yang akan ditanya. Bayu mengajak bertanya pada guru IPA.

Menurut Bayu kemunculan bulan berkaitan dengan Tata Surya. Saat pelajaran IPA, yang kebetulan jam pertama, mereka bertanya kapan munculnya ulan purnama.



Bu Ika aweh piterang manawa bumi ngubengi srengenge suwene 365 1/4 dina. Rembulan ngubengi bumi suwene 27 dina 13 jam 18 menit 33 sekon. Anggone bumi mubeng utawa rotasi suwene padha karo rembulan ngubengi bumi. Manawa disawang saka bumi, rembulan kaya ora mubeng.

Rembulan bisa katon bundher nalika purnama utawa purnacandra. Bumi, rembulan, lan srengenge ing garis lurus. Dununge bumi ana ing antarane rembulan lan srengenge. Rembulan katon padhang amarga kena sunaring srengenge.

“Bu, punapa leres purnacandra punika ketingal tanggal 15 ing penanggalan Jawa?” Harda takons sawise Bu Ika ngandharake.

“Oh, iya bener!”

“Bentenipun tanggalan Jawa kalian nasional menapa, Bu?” pitakone Bagas.

Bu Ika banjur ngandharake menawa nasional iku tanggalan Syamsiah. Tanggalan iki nganggo petungan bumi ngubengi srengenge. Kanggo mangerteni tanggalan Jawa, Bu Ika dhawuh supaya nyuwun pirsu Pak Humam.

Bu Ika memberikan penjelasan tentang bumi yang mengitari matahari lamanya 365 1/4 hari. Bulan mengitari bumi lamanya 27 hari 13 jam 18 menit 33 detik. Bumi berotasi lamanya sama dengan bulan mengelilingi bumi. Ketika tampak dari bumi seakan-akan bulan tidak berputar.

Bulan bisa kelihatan bulat dilihat dari bumi ketika bulan purnama. Bumi, bulan dan matahari pada posisi garis lurus. Bumi ada di antara bulan dan matahari. Bulan kelihatan terang karena terkena cahaya matahari.

“Bu, apa betul bulan purnama akan terlihat pada tanggal 15 dalam penanggalan Jawa?” Harda bertanya setelah Bu Ika menjelaskan.

“Oh, iya betul!”

“Bedanya kalender Jawa dengan nasional apa, Bu?” Tanya Bagas.


Bu Ika kemudian menjelaskan jika nasional itu berdasar kalender Syamsiah. Kalender ini menggunakan hitungan bumi mengelilingi matahari. Untuk mengetahui kalender Jawa, Bu Ika menyuruh bertanya kepada Pak Humam.

Wong telu banjur mupakat arep nemoni Pak Humam, guru agama. Pak Humam awèh katrangan menawa Indonesia migunakake tanggalan Masehi lan Ijrah (Hijriah). Tanggalan Masehi kanggo nggathukake karo tanggalan negara manca utawa tanggalan internasional. Tanggalan Masehi utawa Syamsiah iki kang diarani tanggalan nasional.

Masyarakat Indonesia akeh kang agamane Islam mula dianggo uga tanggalan Hijriah. Hijriah diwiwiti nalika Nabi Muhammad hijrah, yaiku taun 622 Masehi (1 Hijriah). Tanggalan Hijriah digawe nalika Khalifah Umar bin Khatab dadi pemimpin. Hijriah utawa Kamariah migunakake petungan miturut lakuning rembulan ngubengi bumi.

Bertiga sepakat untuk menemui Pak Humam, guru agama. Pak Humam memberikan penjelasan jika Indonesia menggunakan kalender Masehi dan Hijriah. Kalender Masehi untuk menyamakan dengan kalender luar negeri atau kalender internasional. Kalender Masehi utawa Syamsiah ini yang disebut kalender nasional.

Masyarakat Indonesia banyak yang beragama Islam sehingga dipakai kalender Hijriah juga. Hijriah dimulai ketika Nabi Muhammad hijrah, yaitu tahun 622 Masehi (1 Hijriah). Kalender Hijriah dibuat ketika Khalifah Umar bin Khatab menjadi pemimpin. Hijriah atau Kamariah menggunakan hitungan menurut perhitungan bulan mengitari bumi.



Tanggalan Masehi utawa Syamsiah iku petungane miturut lakuning bumi ngubengi srengenge. Tanggalan Masehi iki wiwitane saka tanggalan Julian. Dijenengi Julian amarga kang dhawuh gawe tanggalan ing Romawi wektu iku Julius Caesar.

Tanggalan iki isih ana kekurangane lan ora trep. Banjur disampurnakake nalika Paus Gregorius banjur dijenengi tanggalan Gregorian. Tanggalan Julian ora digunakake maneh diganti tanggalan Gregorian kanggo pathokan tanggalan Masehi.

Sasi ing Masehi ana 12 sasi, yaiku Januari tekan Desember. Jeneng sasi iki akeh dijupuk saka basa Romawi. Malah saperangan saka jeneng dewa lan panguwasa rikala jaman Romawi.

Kaceke tanggal Masehi lan Hijriah saben taune, yaiku 11 dina. Mula saben taun Hijriah bakal maju 11 dina kaceke karo taun Masehi. Tanggalan Masehi bisa tekan 31, menawa Hijriah mung tekan 30. Masehi gunggung dinane ana 365-366, dene Hijriah ana 354-355 dina.

Kalender Masehi atau Syamsiah menggunakan perhitungan perputaran bumi mengelilingi matahari. Kalender Masehi berawal dari Kalender Julian. Diberi nama Julian karena yang meminta membuat kalender di Romawi ketika itu adalah Kaisar Julius Caesar.

Kalender itu masih ada kekurangannya dan tidak tepat, kemudian disempurnakan ketika Paus Gregorius. Maka kalender tersebut diberi nama Kalender Gregorian. Kalender Julian kemudian tidak digunakan dan diganti kalender Gregorian sebagai dasar Kalender Masehi.

Jumlah bulan di Kalender Masehi ada 12, yaitu dari Januari sampai Desember. Nama itu diambil dari bahasa Romawi. Sebagian diambil dari nama dewa dan penguasa ketika zaman Romawi.

Perbedaan Kalender Masehi dan Hijriah setiap tahun ada 11 hari. Maka setiap tahun Hijriah akan maju 11 hari dari Tahun Masehi. Kalender Masehi bisa sampai 31 hari, sedangkan Hijriah hanya sampai 30. Jumlah hari Masehi ada 365-366, sedangkan Hijriah ada 354-355 hari.

Tanggalan Jawa kawiwitan nalika Mataram Islam kang jumeneng Ratu Sultan Agung, yaiku sultan katelu kang mimpin pamarintahan Islam rikala taun 1613-1645. Tanggalan Jawa iki gabungan tanggalan Saka utawa Saliwahana lan Kamariah.

Petungane genep lan ganjil, selang-seling antarane 29 lan 30. Gunggungé setaun, yaiku 354 utawa 355 dina. Tanggalan Jawa digunakake dening masyarakat wiwit 1 Sura, tahun 1555, trep karo tanggal 1 Muharam taun 1043 Hijriah.

Dene tanggalan Saka diwiwiti taun 78 Masehi. Tanggalan iki akeh dipengaruhi dening Agama Hindu. Tanggalan Saka adhedhasar petungan lakuning bulan lan srengenge.

Kalender Jawa dimulai ketika Mataram Islam yang berkuasa Sultan Agung. Beliau sultan ketiga memimpin pemerintahan Islam ketika tahun 1613-1645. Kalender Jawa ini gabungan dari Kalender Saka atau Saliwahani dan Kamariah.

Hitungan genap dan ganjil, berselang seling antara 29 dan 30. Jumlah satu tahun, yaitu 354 atau 355 hari. Kalender Jawa dipergunakan oleh masyarakat sejak 1 Sura, tahun 1555. Bertepatan dengan tanggal 1 Muharam tahun 1043 Hijriah.

Kalender Saka dimulai sejak tahun 78 Masehi. Kalender ini banyak dipengaruhi oleh Agama Hindu. Kalender Saka menggunakan hitungan perputaran bulan dan matahari.

Tanggalan Jawa ana 29 dina kanggo sasi ganep. Menawa sasi ganjil ana 30 dina. Hijriah etungane migunakake hilal utawa rembulan wiwit katon. Gunggungne dina ing saben sasine padha, yaiku 29 tekan 30.

“Gas, aku isih durung mudheng bab tanggalan Jawa,” kandhane Harda.

“Ayo, sinau bareng bae!”

Wong telu banjur padha bedhek-bedhekan lan sinau bareng bab tanggalan. Sing cetha Syamsiah kuwi dienggo kanggo tanggalan nasional lan internasional. Syamsiah akeh negara manca kang migunakake. Syamsiah migunakake petungan bumi ngubengi srengenge.

Hijriah kanggo ngetung dina kang wigati kanggo umat Islam. Tuladhane dina kang kerep dipengeti, yaiku Ramadan, Sawal, Haji, lan liyane. Tanggalan Jawa migunakake petungan lakuning bulan ngubengi bumi mula padha karo Kamariah.

Kalender Jawa ada 29 hari untuk bulan genap. Sedangkan bulan ganjil ada 30 hari. Hijriah perhitungannya menggunakan hilal atau bulan mulai muncul. Jumlah hari di setiap bulan sama, yaitu 29 sampai 30.

“Gas, aku masih belum paham tentang kalender Jawa,” kata Harda.

“Ayo, belajar bersama saja!”

Bertiga kemudian saling tanya jawab dan belajar bersama tentang kalender. Yang jelas Syamsiah itu dipakai untuk dasar kalender nasional dan internasional. Syamsiah digunakan oleh banyak negara di dunia. Syamsiah berdasar hitungan bumi mengelilingi matahari.

Hijriah untuk menghitung hari yang penting untuk umat Islam. Contohnya, hari yang sering diperingati, yaitu, Ramadan, Syawal, Haji, dan lainnya. Kalender Jawa menggunakan hitungan perputaran bulan maka sama dengan Kamariah.



Wengine ing omahe Bagas, Mbah Salimah lagi lenggah ing teras. Bagas nyedhaki lan lungguh ing jejere. Simbah lagi leye-leyeh sinambi nyawang abyore lintang ing angkasa. Lintang kang kelap-kelip nambahi endahing langit kang peteng. Kahanan dadi rada padhang sanajan ora ana rembulan.

“Mbah, langite katon endah, nggih.”

“Iya Le, nek kahanan kaya ngene katon endah tenan. Ora ana mendhung kang ngalang-alangi gumebyare lintang.”

“Menawi siyang kok lintang mboten ketingal nggih, Mbah.”

“Ya, mesthi wae lintang ora katon, padhange kalah karo srengenge.” Mbah Salimah ambegan landhung lan ngendika maneh.

“Jaman saiki beda karo jaman biyen.”

“Jaman riyin kados napa ta, Mbah?”

“Biyen durung ana listrik, menawa mlaku bengi mung dipadhangi lintang lan bulan. Lintang uga dadi pathokan pranata mangsa.”

Malam harinya di rumah Bagas, Nenek Salimah sedang duduk di teras. Bagas mendekati dan duduk di sebelahnya. Nenek sedang santai sambil melihat bintang bertaburan di angkasa. Gemerlap bintang menambah indahnya langit yang gelap. Suasana menjadi agak terang meskipun tidak ada bulan.

“Nek, langit kelihatan indah, ya?”

“Iya Le, kalau suasana seperti ini kelihatan indah. Tidak ada mendung yang menghalangi gemerlapnya bintang.

“Kalau siang kenapa bintang tidak kelihatan ya, Nek?”

“Ya, jelas saja bintang tidak kelihatan karena terangnya kalah dengan matahari,” Nenek Salimah menghela nafas dan berbicara lagi.

“Zaman sekarang berbeda dengan zaman dahulu.”

“Zaman dahulu seperti apa, Nek?”

“Dahulu belum ada listrik, ketika berjalan di malam hari hanya diterangi bintang dan bulan. Bintang juga menjadi pedoman musim.

Mbah Salimah nyritakake jaman biyen manawa pratandha alam dadi pathokan. Beda karo jaman saiki apa-apa wis migunakake *teknologi*. Para tani ing jaman biyen arep nandur pari ora bisa sawayah-wayah. Lintang ing angkasa dadi ancer-ancer kapan anggone arep miwiti tandur.

Lintang-lintang kang sumebar disawang saka bumi ana sing nggawe pola. Menawa ditarik garis ana kang awujud kewan kalajengking, beruang, lan liyane. Wewujudan iki diarani rasi lan jeneng rasi kang dijupuk saka mitologi Romawi.

Miturut wong Jawa, lintang-lintang kuwi maneka warna jenenge. Ana lintang Panjer Rina kang ana ing wayah isuk. Lintang panjer surup mung katon nalika wayah surup lan srengenge angslup.

Lintang uga ana kang diarani *jaka belek* amarga warnane abang branang. Lintang iki kawentar kanthi jeneng planet Mars. Lintang Bimasakti, lintang kang wujud kaya gamane Bima paraga wayang Mahabarata.

Nenek Salimah menceritakan zaman dahulu tanda-tanda alam menjadi pedoman. Berbeda dengan zaman sekarang segala sesuatu sudah menggunakan teknologi. Petani pada zaman dahulu jika akan menanam padi tidak bisa sewaktu-waktu. Bintang di langit menjadi penanda kapan memulai menanam padi.

Bintang-bintang yang bertebaran dilangit jika dilihat dari bumi ada yang membentuk pola. Apabila polanya ditarik, ada yang berwujud hewan kalajengking, beruang, dan sebagainya. Bentuk pola ini disebut rasi yang diambil dari mitologi Romawi.

Menurut orang Jawa bintang-bintang itu beraneka macam namanya. Ada bintang *panjer rina* (bintang kejora/Venus) yang muncul di waktu pagi. Bintang *panjer surup* (bintang kejora/Venus) hanya kelihatan ketika waktu sore ketika matahari terbenam.

Bintang juga ada yang disebut *jaka belek* karena warnanya merah sekali. Bintang ini terkenal dengan nama planet Mars. Bintang Bimasakti, bintang yang bentuknya seperti senjata Bima, tokoh wayang Mahabarata.

Lintang waluku, lintang iki kang banget dadi kawigatene para tani. Amarga lintang waluku dadi pratandha para tani wiwitan nandur pari. Mula katone lintang waluku dadi gumregahe para tani kanggo nggarap sawah.

Ana uga lintang kang dianti dening para tukang amek iwak utawa nelayan. Lintang gubug penceng, lintang iki kanggo nudhuhake arah sisih kidul. Lintang iki katon sadhela, yaiku nalika srengenge meh angslup watara April tekan Mei.

Alam wus menehi pratandha kanggo panguripaning manungsa. Saka lintang para tani lan nelayan mangerteni pranata mangsa. Kapan kudu wiwitan labuh lan kapan kudu panen. Arah lor, kidul, wetan, lan kulon, wis ditudhuhna dening alam.

Bintang *waluku*, bintang ini menjadi perhatian petani. Bintang *waluku* menjadi pertanda kapan mereka mulai menanam padi. Bintang *waluku* menjadi penyemangat para petani untuk membajak sawah.

Ada juga bintang yang ditunggu oleh para nelayan. Bintang *gubug penceng*, bintang ini untuk menunjukkan arah sebelah selatan. Bintang ini akan terlihat sebentar, yaitu ketika matahari akan tenggelam antara bulan April sampai Mei.

Alam telah memberi tanda untuk kehidupan manusia. Dari bintang, para petani dan nelayan mengerti musim. Kapan mereka mulai membajak dan kapan harus memanaen. Arah utara, selatan, timur dan barat, semua sudah ditunjukkan oleh alam.

Bagas manthuk-manthuk krungu pangandikane simbah. Batine gumun marang wong jaman biyen, ngerti kahanan kanthi maca pratandha alam. Tansaya wengi, lintang tambah gumebyar nanging hawane krasa tambah atis. Angin midid nambahi kekes ing awak.

“Ayo, Le mlebu omah! Hawane tambah adhem mengko kowe mundhak masuk angin.”

Bagas enggal mlebu omah, mapan turu. Ing impen, dheweke dikancani lintang-lintang kang abyor. Bagas bisa ngangsu kawruh nyinaoni bab lintang utawa astronomi. Ing telenging ati, Bagas kepengin nyinaoni bab Bintang utawa Astronomi.

Bagas mengangguk-angguk mendengar keterangan Nenek. Dalam hati ia heran dengan orang zaman dahulu yang tahu keadaan dengan cara membaca pertanda alam. Semakin malam bintang gemerlap, tetapi udara terasa tambah dingin. Angin bertiup terasa dingin di badan.

“Ayo, Le masuk rumah! Hawa bertambah dingin nanti kamu masuk angin.”

Bagas segera masuk rumah, lalu tidur. Dalam mimpi, ia ditemani bintang-bintang yang gemerlap. Bagas dapat menimba ilmu tentang bintang dari Nenek Salimah. Bagas mempunyai keinginan belajar tentang bintang atau astronomi.



Tekan titi wanci tanggal 15 ing penanggalan Jawa, awang-awang katon padhang sumilak. Rembulan nedheng bundher gawe padhanging bumi. Bagas bali saka mesjid langsung menyang cakruk karo kanca-kancane. Bagas arep nonton purnacandra utawa purnama.

Miturut pawarta purnacandra wengi iki diarani bulan cacing. Bagas lan kanca-kancane arep mbuktekake bener ora rembulan bakal ana cacinge.

“Mau ing *teve* disiarka bulan purnama cacing *akan muncul malam ini.*” Harda kandha karo nyawang rembulan, tangane sedhakep. Bagas lan Bayu banjur melu nyawang bulan.

“Kok, bisa ana cacinge ya, jarene ora ana banyu ing bulan. Mokal menawa ana cacing, tanduran bae ora ana,” kandhane Harda sajak karo mikir.

“Pancen ora nalar,” Bayu sumaur karo gedheg-gedheg lan sangga uwang.

“Tinimbang penasaran, ayo takon karo bapakku bae!” pangajakke Bagas.

Wong telu sarujuk, enggal padha menyang tumuju omahe Bagas.

Sampai waktunya tiba tanggal 15 dalam penanggalan Jawa, langit kelihatan cerah. Bulan kelihatan bulat penuh menyinari bumi. Bagas pulang dari masjid langsung menuju pos dengan teman-temannya. Bagas akan melihat purnacandra atau bulan purnama.

Menurut berita purnama malam ini disebut bulan cacing. Bagas dan teman-temannya akan membuktikan betul atau tidak kalau bulan ada cacingnya.

“Tadi televisi menyiarkan bulan purnama cacing akan muncul malam ini.” Harda berkata sambil melihat bulan dengan tangan bersedekap. Bagas dan Bayu ikut melihat bulan.

“Kok, bisa ada cacingnya ya, katanya tidak ada air di bulan. Tidak mungkin ada cacing, tanaman saja tidak ada.” Kata Harda seperti berpikir.

“Memang mustahil.” Jawab Bayu sambil geleng-geleng dan tangannya menopang dagu.”

“Daripada penasaran ayo tanya kepada ayahku saja!” Ajak Bagas.

Mereka bertiga setuju. Kemudian mereka segera menuju rumah Bagas. Sepanjang jalan mereka masih bercerita tentang bulan dan cacing.

Tekan ngomah Bagas enggal nggoleki bapakke. Kabeneran bapakke lagi mirsani *teve* kang lagi nyiarake pawarta bulan purnama cacing. Bocah telu melu lungguh namatake pawarta. Sawise rampung pawarta banjur padha takon.

“Pak, niku rembulane wonten cacinge, nggih?”

Bapakke Bagas paring andharan manawa bulan purnama cacing iku mung jeneng. Ora ateges bulan ana cacinge. Kuwi mung kanggo mratandhani menawa tanduran wis mangsane padha thukul.

Saben sasine purnacandra utawa bulan purnama duwe jeneng beda-beda. Padatane kajumbuhake karo pratandha alam. Amarga ing jaman biyen rembulan dadi pathokane mangsa lan wektu.

Bocah telu manthuk-manthuk paham. Bulan Cacing ora ateges bulan ana cacinge. Kuwi mung kanggo njenengi menawa wis mangsane padha nandur. Duwe pangajab apa kang ditandhur bakal thukul kanthi subur.

Sampai di rumah, Bagas mencari ayahnya. Kebetulan ayahnya sedang melihat televisi yang menyiarkan bulan purnama cacing. Mereka bertiga ikut duduk mendengarkan berita. Setelah berita selesai mereka langsung bertanya.

“Pak, itu di bulan ada cacingnya ya?”

Ayah Bagas memberikan penjelasan jika bulan purnama cacing itu hanya nama. Bukan berarti di bulan ada cacingnya. Itu untuk pertanda bahwa tanaman sudah mulai semi.

Setiap purnacandra atau bulan purnama mempunyai nama berbeda-beda. Biasanya dihubungkan dengan pertanda alam. Pada zaman dahulu bulan menjadi pedoman musim dan waktu.

Mereka bertiga mengangguk-angguk paham. Bulan Cacing bukan berarti bulan ada cacingnya. Itu hanya untuk nama dan sebagai pertanda sudah saatnya menanam. Mereka berharap apa yang ditanam akan tumbuh subur.



Bagas banjur ngajak kancane lungguhan ana ing ngarep omah. Pancen mokal menawa bulan ana cacinge. Ing bulan ora ana oksigen kanggo ambegan. Cetha bae ora ana panguripan ing rembulan.

Mbah Salimah melu lenggahan karo bocah-bocah. Bocah-bocah kepengin Mbah Salimah crita. “Crita apa ta Le, kowe luwih seneng dolanan HP, tinimbang ngrungokake crita.”

“Criyos jaman rumiyin mawon, Mbah,” panjaluke Bayu.

“Jaman simbah biyen menawa padhang bulan ngene iki, padha dolan ing plataran,” Simbah miwiti critane.

Mbah Salimah nyritakake kahanan rikala dheweke isih cilik durung ana listrik. Saben omah mung duwe lampu teplok utawa senthir. Padhang bulan dadi wayah kang dianti. Bocah-bocah padha dolanan ing latar. Dolanan kang prasaja tanpa migunakake piranti kang larang.

Dolanan kang nuwuhake rasa raket lan paseduluran. Dolanan bebarengan kaya betengan, jamuran, dhelikan, congklak lan liyane. Tansaya bengi rembulan tansaya padhang, dolanan tambah regeng. Leren menawa kabeh wis padha kesel.

Bagas mengajak temannya duduk di depan rumah. Memang tidak mungkin jika bulan ada cacingnya. Di bulan tidak ada oksigen untuk bernafas. Terang saja tidak ada kehidupan di bulan.

Nenek Salimah ikut duduk dengan anak-anak. Nenek Salimah diminta bercerita. “Cerita apa, Le, kalian itu lebih senang bermain HP, daripada mendengarkan cerita.”

“Cerita zaman dahulu saja, Nek!” pinta Bayu.

“Zaman Nenek dahulu kalau bulan purnama seperti ini, banyak anak bermain di halaman.”

Nenek Salimah menceritakan suasana zaman dahulu ketika masih kecil belum ada listrik. Setiap rumah hanya mempunyai lampu teplok atau lentera. Bulan purnama menjadi waktu yang ditunggu. Anak-anak bermain di halaman. Permainan yang sederhana tanpa menggunakan alat yang mahal.

Permainan yang menumbuhkan rasa dekat dan persaudaraan. Permainan bersama seperti betengan, jamuran, petak umpet, dakon dan lain-lain. Semakin malam bulan semakin terang, permainan bertambah ramai. Berhenti ketika semua sudah lelah.

Bocah-bocah padha mlongo amarga saiki dolanan kaya mangkono wis angel ditemoni. Apa maneh kok dolanan, nglumpukake bocah akeh bae ora gampang. Papan sing rada longgar lan amba wis angel ditemokake, amarga dadi pomahan.

Dolanan ora mung mligi dolanan nanging ngajarake supaya guyup rukun. Kang utama duwe karakter kang becik. Dolanan ing jaman biyen ana kang dikantheni tembang. Dadi katon gayeng lan regeng. Tuladhane jamuran, cublak-cublak suweng, lan isih akeh maneh.

Lumakune wektu nuju tengah wengi ora tansaya peteng. Bulan katon padhang jingglang madhangi jagad. Sanajan bulan katon tansaya adoh nanging sunaring mencorot putih memplak. Keprungu swaranene manuk dares seka grumbulan godhong. Bocah loro banjur padha pamit mulih.

Anak-anak sampai melongo karena sekarang permainan seperti itu sudah sulit ditemui. Jangankan bermain, mengumpulkan banyak anak tidak mudah. Tempat yang lapang dan luas di tempat itu juga sudah sulit ditemukan, karena semua telah menjadi perumahan.

Permainan tidak hanya sekedar bermain, tetapi mengajarkan supaya rukun. Yang utama mempunyai karakter yang baik. Permainan zaman dahulu ada yang disertai nyanyian. Sehingga kelihatan semarak dan ramai. Contohnya, *jamuran*, *cublak-cublak suweng*, dan masih banyak lagi.

Malam semakin larut tidak menjadikan keadaan gelap gulita. Bulan semakin kelihatan terang menerangi bumi. Meskipun bulan kelihatan jauh tetapi sinarnya memancar putih terang. Terdengar suara burung hantu dibalik daun yang rindang. Kemudian kedua anak berpamitan pulang.

Bagas nguntapake kancane kang arep bali tekan ngarep lawang. Kanca-kancane padha mlaku sinambi gojekan. Bagas nyawang kaloro kancane nganti ilang tekan tikungan dalan. Sawise ayangan lan guyonane ora katon Bagas gage mlebu omah.

Sadurunge nutup lawang, Bagas nyawang rembulan sepisan maneh. Purnacandra sumunar kaya esem kang ngujiwat. Gawe bumi kasengsem marang rembulan. Sanajan saiki akeh wong kang ora ngangen-angen tekane rembulan. Nanging, rembulan tetep menahi teges lan pangeling-eling kanggo saperangan jalma tinitah.

Bagas kang jeneng jangkepe Bagaskara kang ateges srengenge. Srengenge kang tansah sumunar ing wayah awan. Menahi pepadhang lan panguripan kanggo manungsa lan makluk titahing Gusti.

Bagas mengantarkan temannya yang akan pulang sampai depan pintu. Teman-temannya berjalan sambil bercanda. Bagas melihat kedua temannya sampai hilang di tikungan jalan. Setelah bayangan dan suara candaannya hilang Bagas segera masuk rumah.

Sebelum menutup pintu, Bagas memandang bulan sekali lagi. Purnama bersinar sangat terang seperti senyum memesonakan. Membuat bumi terpana dengan bulan. Meskipun sekarang tidak banyak orang yang merindukan datangnya purnama. Tetapi purnama tetap memberi arti dan pengingat-ingat untuk sebagian manusia.

Bagas nama lengkapnya Bagaskara yang berarti matahari. Matahari yang selalu bersinar di waktu siang. Memberi cahaya terang dan kehidupan untuk manusia dan makhluk hidup ciptaan Tuhan.

Rembulan kang menehi pepadhang ing wayah wengi. Purnacandra bisa dadi pratandhaning alam kanggo manungsa. Bagas wis kelakon kanthi marem nyawang purnacandra ing sasi iki. Kang baku Bagas mangerteni menawa alam akeh menehi pratandha marang manungsa.

Bulan yang memberi cahaya terang di waktu malam. Purnama dapat menjadi pertandha alam untuk manusia. Keinginan Bagas sudah terwujud sampai puas memandang bulan purnama bulan ini. Yang terpenting Bagas mengetahui jika alam memberi tanda kepada manusia.



Biodata



Penulis dan Penerjemah

Widyastuti, Seorang guru Bahasa Jawa di SMP Negeri 1 Kertek Wonosobo Jawa Tengah. Suka menulis, beberapa karya cerita anak berbahasa Jawa sudah dimuat di majalah Djaka Lodhang, Panjebar Semangat dan Swaratama Balai Bahasa Jawa Tengah.



Ilustrator

Eros Rosita, senang berpindah-pindah. Bekerja sebagai *graphic designer*. Suka membuat ilustrasi dan sesekali menulis cerita pendek. Bisa disapa melalui IG: @_aoshy



Penyunting

Nindwihapsari, lahir di Surakarta pada 28 November. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusian dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel nindwihapsaribby22@gmail.com.





CERDAS
BERLITERASI



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Bagas penasaran akan kemunculan bulan setiap tanggal 15. Akan tetapi justru rasa penasaran Bagas menimbulkan ilmu dan pengetahuan baru. Pengetahuan tersebut tentang perhitungan munculnya bulan yang dihitung di kalender.

Apa perbedaan kalender Jawa dan nasional? Sistem kalender yang berbeda-beda membuat Bagas semakin ingin tahu.

Lalu bagaimana orang zaman dahulu mengira masa panen sebelum ada alat canggih?

ISBN 978-623-112-615-3 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023**